Согласована
на педагогическом
совете
протокол 1 от 26.08.2024г.

Утверждена
приказом директора
ГБОУ «С(к)ОШИ
для детей с ЗПР»
от 28.08.2024г. № 56-од

# Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешаран сица кхиарехь т1аьхьадисна берашна лерина йолу дешаран хьукматийн белхан программа РАС (вариант 8.2) лерина 1-4 классашна, 5 шаран

Хоттийнарг: Йуьхьанцарчу школан хьехархой

Сьолжа-ГӀала
2024г

## 1. Довзийтаран кехат

Дешаран предметан «Литературни ешар» йуьхьанцарчу 1-4-чу классашна сица кхиарехь т1аьхьадисна бераш нисдан лерина йолу белхан программа х1оттийна хIокху документин бух тIехь:

- Федеральни закон от 29.12.2012 г. № 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации»;

- Приказ Министерства образования и науки РФ от 19 декабря 2014 г. № 1598 «Об утверждении федерального государственного образовательного стандарта начального общего образования обучающихся с ограниченными возможностями здоровья»;

- Приказ Министерства просвещения Российской Федерации от 21 сентября 2022 г. № 858 «Об утверждении федерального перечня учебников, допущенных к использованию при реализации имеющих государственную аккредитацию образовательных программ начального общего, основного общего, среднего общего образования организациями, осуществляющими образовательную деятельность и установления предельного срока использования исключенных учебников»;

- Э.Х.Эдиловн Нохчийн меттан, дешаран йуьхьанцарчу классашна лерина герггарчу хьесапехь йолу программа, Нохчийн Республикин дешаран а, 1илманан а министерствос магийна йолу. Базисни дешаран планан 3-чу варианто Литературни ешарна луш йолчу таронашца нисъеш.

- АООП НОО обучающихся с РАС ГБОУ «С(к)ОШИ для детей с ЗПР»;

- Положение о разработке рабочих программ учебных предметов, коррекционных курсов, утвержденное приказом директора от 30.05.2023 года № 47-од;

Литературни йешар - йуьхьанцарчу классийн предметашна йуккъехь коьртачарах цхьаъ йу. Нохчийн матто санна, цо а 1амадо бер шера а, нийса а йаздан, аьтто бо йукъара кхиарехь а, г1иллакх-оьздангаллин мехаллаш т1ехь кхиош а. Х1окху предметехь кхиамаш бахаро таро ло берана йуьхьанцарчу школан вукху предметашца ларош деша.

Йуьхьанцарчу школехь х1ара предмет 1амор т1ехьажийна хир ду х1окху 1алашонашка кхачарна:

-кхетаме, нийса, шера къастош еша;

-ша йоьшучу текстан а, цуьнан чулацамца йолу шен йукъаметтиг а билгалйоккхуш болчу къастош ешаран коьртачу г1ирсех (соцунг1а, интонаци, маь1нин тохар, ешаран чехкалла) пайда а оьцуш, еша;

-дешаран книгин чулацамах кхиар, шенна справочни аппаратах пайда эца хаар (т1етовжар, корта, абзацаш и д1. кх. а.);

-исбаьхьаллин -кхоллараллин а, х1ума довзаран а хьуьнарш шегахь кхиор, исбаьхьаллин произведенино шена бина т1е1аткъам шен синхаамашца бовзийтар; дешан исбаьхьалле йолу эстетически йукъаметтиг кхиор;

-исбаьхьаллин текстан г1ирсашца синъоьздангаллин мехаллаш йуьхьанцарчу классийн дешархошкахь кхиор; дика а, вуо а къасто хууш, кхидолчу къаьмнашка лерам болуш кхиор.

Йуьхьанцарчу школехь литературни ешаран коьрта 1алашо - иза шена оьшшу книга харжа хаарца а, и кхеташ ешарца а ша-шен терго йаран дешар карадерзоран хьуьнарш шегахь кхиор йу. Цу г1уллакхана ох1ла хилар билгалдолу ешначух кхеташ, дика еша хаарехь, книгаш йовзарехь а, шенна харжа хаарехь а, шен синъоьздангалла лакхайаккхарехь книга оьшуш хиларх кхетам кхиъна хиларехь а.

«Литературни ешар» предмето чулоцу х1ара дакъош: дешархочун «Ешарца доьзна г1уллакх», «Исбаьхьаллин текстийн буха т1ехь долу дешархойн кхолларалллийн г1уллакх», «Берийн ешаран гуо» йаздархойн ц1ерш а йовзуьйтуш, дешархошна кху предметехула евзар йолу ерриге а произведенеш, хуьлийла уьш дийнна произведенеш йа церан дакъош. Программи йукъа дог1у иштта кхидолу дакъош а: «Литературоведчески пропедевтика», «Библиографически культура», «Къамелан кепашца доьзна долу г1уллакхаш».

Боккха тидам т1ебахийтина нохчийн матте ладог1ар декъана а. «Ешар» ц1е йолчу декъехь къаьсттина тидам т1е бахийтина къастош ешарна. Йуьхьанцарчу классашкахь нийса а, шера а ешарехь карадирзинчу хаарша аьтто бийр дешархойн лакхарчу классашкахь литература йовзарехь а. «Дистхилар», «Йоза» дакъоша аьтто бийр бу барта а, йозанан а къамел кхиорехь. Боккха тидам т1е бахийтина вистхила хаарна а, къамелан оьздангаллина а, меттан исбаьхьаллин г1ирсаш караберзорна а.

Йуьхьанцарчу ишколехь х1ара предмет 1амо билгалдинарг 353 сахьт ду:

1-чу классехь- 66 сахьт, кIирнах 2 сахьт, 33 белхан кIира;

1-чу т1аьхьакхиоран классехь 66 сахьт, кIирнах 2 сахьт (33 белхан кIира)

2-чу классехь- 102 сахьт, кIирнах 3 сахьт, 34 белхан кIира;

3-чу классехь-68 сахьт, кIирнах 2 сахьт, 34 белхан кIира;

4-чу классехь- 51 сахьт, кIирнах 1,5 сахьт, 34 белхан кIира.

## 2. Дешаран предметехула болу йуьхьанцарчу йукъарадешаран чулацам

**Къамелан кепаш**

**Ладог1ар**

Дуьйцу къамел ладог1арца т1еэцар, цхьанатайпана иза кхетадар, ладоьг1начуьнца доьзна хаттаршна жоьпаш далар, ладоьг1начун чулацамах лаьцна шена хаттар дала хаар, х1ун 1алашо йолуш ладуьйг1ира къамеле кхетадар. Стихотворни къамеле ладог1а хаар, ладоьг1начун дог-ойла къастор.

**Ешар**

Хезаш ешар. Кхеташ, нийса, цхьанаэшшара хезаш ешар. Ешаран чехкалла доза тухуш къастош йац, х1ора дешархочун башхалле хьожжий къастош хуьлу и барам. Ешаран сихалла т1аьхь-т1аьхьа чехкайоккху. Йоьшучу хенахь соцунг1ашший, интонаций, сацаран хьаьркаш лар а деш, кхетаме, нийса, цхьанаэшшара дийначу дешнашца ешар.

Дагахь ешар. Дагахь йоьшучу хенахь йоьшучун маь1нах кхеташ хилар. Ешначу текстехь оьшуш болу хаамаш карон а, меттан исбаьхьаллин г1ирсаш ган а хаар.

**Къамел дар. Барта къамелан оьздангалла** Монологически къамел барта къамелан кеп санна. Монологически кепара аьллачун коьртачу маь1них кхеташ хилар. Къамелан кепаш: дийцар, суртх1оттор, ойлайар.

Шен аларехь меттан исбаьхьаллин г1ирсех пайда эцар(синонимех, вастаме дешнех, антонимех, дустарех, эпитетех). Шен аларна план х1оттор. Монологически алар дозаделла а, маь1на долуш а хилар. Диалогехь ден къамел: цуьнан башхалла. Хьайца къамел деш волчуьнга ладог1а а, цо дуьйцучух кхета а, цунна жоп дала а хаар. Хьуна ца хетачу, кхечу кепара олучуьнга а ладог1а а, делил а далош, тешшош цунна жоп дала а хаар. Кхечу къомах волчу нийсархочуьнца диалог д1ахьочу хенахь цо дечу къамелах кхеташ, цуьнан культурин башхаллаш тидаме а оьцуш, иза т1елаца хаар. Шен къамелехь меттан исбаьхьаллин г1ирсех пайда эца хаар.

**Йоза. Йозанан къамелан оьздангалла.**

Йозанан къамелан барамаш. Йозанца аьллачун чулацам билгалйинчу темица бог1уш хилар. Йозанехь йовзуьйту коьчал маь1на а долуш, вовшашца йозаелла а хила йезар. Йозанан къамелехь меттан исабьхьаллин г1ирсех пайда эцар. Йозанехь шена хетарг ала хууш хилар: хаттарна жоп дала, изложени, йоцца сочинени йазъйан (сурт1хотторан, дийцаран, ойлайаран кепехь).

**Ешаран г1уллакхийн кепаш**

Дешаран а, 1илманан кхетаме teксташца а бен болх (х1ума довзаран декъехула долу г1уллакхаш).

Дешаран а, 1илманан кхетаме текстех болу йукъара кхетам. Шен маттахь и тексташ кхеташ т1еэцар. Ешначун чулацамца доьзначу хаттаршна жоьпаш далар. Хаамаш луш болу г1ирсийн хьаст санна дешаран, 1илманан кхетаме тексташ т1еэцар, царах кхеташ хилар. Дешаран, 1илманан кхетаме текстийн тема а, коьрта ойла а (идей) билгалъйар. Маь1нин чекхдевллачу дакъошка текст екъар, царна ц1е тиллар. Текстехь бахьанин-т1аьхьалонан з1енаш билгалъйар. Текстехь коьрта дешнаш билгалдар. Оцу коьртачу дешнашна т1е а тевжаш, текст йуха-схьайийцар. Нохчийн дешнаш а, дешнийн цхьаьнакхетарш а, дийнна предложенеш а оьрсийн матте а, оьрсийн маттера нохчийн матте йаха а хаар.

**Исбаьхьаллин текстащца болх бар**

Дешархочун х1ума довзаран декъехула долу г1уллакхаш Исбаьхьаллин текст вукху текстех къаьсташ хиларх кхетар. Текстан ц1е а, кортош а, чулацамца бозабеллачу йукъаметтигех кхеташ хилар. Текстан чулацамах лаьцна долчу хаттаршна жоьпаш далар. Меттан исбаьхьаллин г1ирсех пайда эцарца исбаьхьаллин текст йухасхьайийцар (йуьззина, йоцца, хоржуш). Исбаьхьаллин текстан жанр, тема, коьрта ойла (идей), сюжет, д1ах1оттаман билгало (антитеза) къастор. Текст дакъошка екъар, х1ора декъан тема билгалъйар, коьрта дешнаш а, исбаьхьаллин васташ а къастор. Дакъошна ц1ерш тахка а, ц1еран предложенийн а, хаттарийн кепехь план х1отто а хаар.

Турпалхойн дика а, ледара амалш билгалъйаха а, персонажаша дечу г1уллакхашка, йаздархочо еллачу характеристике хьаьжжина а мах хадо хууш хилар. И характеристика лучу хенахь персонажийн г1уллакхийн бахьанин-т1аьхьалонан з1енаш билгалъйахар. Ша дийриг турпалхочо иштта х1унда дира бохучух кхетар а, цу декъехь шена хетарг ала хаар а.

Персонажана характеристика лучу хенахь интерьеро а, портрето а д1алоцу меттиг. Турпалхой а, цара ден г1уллакхаш а вовшашца дустар. Персонажийн къамел а, авторан текст а. Текстехь болу меттан исбаьхьаллин г1ирсаш ган а, (эпитет, дустар, метафора) уьш мича 1алашонца йукъа балийна а хаар. Пейзаж а, исбаьхьаллин текстехь цо д1алоцу меттиг а. Хиламаш схьакъастор а, уьш вовшашца бустар а, цара синхаамна бен 1аткъам а. Теманашца цхьаьнайог1у оьрсийн а, нохчийн а исбаьхьаллин тексташ вовшашца йустар, царна т1ера йукъара а, башхадерг а къастор, меттан исбаьхьаллин г1ирсаш бустар.

**Берийн йешаран гуо**

Нохчийн а, кхечу къаьмнийн барта кхолларaллин произведенеш, нохчийн а, кхечу къаьмнийн а классикийн тоьлла произведенеш, х1инцалерчу йаздархойн произведенеш, исторически, 1илманан кхетаме, справочно-энциклопедически тексташ, фантастика.

Исбаьхьаллин текстийн герггарчу хьесапехь йолу тематика: вайн Даймахкаххий, нохчийн пачхьалкхан коьртачу шахьарххий, нохчийн пачхьалкхерчу халкъийн доттаг1аллеххий, вайн халкъан хьаналчу къинхьегамаххий, цо машарехьа латточу къийсамаххий, вайн г1аланеххий, йартеххий, 1аламаххий, дийнатехххий, акхаройххий, беран дахареххий, церан г1уллакхеххий, доттаг1аллеххий, цара баккхийнаш лараpххий, вовшашна накъосталла дарххий, тергонца хьажарххий, адамийн дийнаташца йолу йукъаметтигаххий, 1аламаххий, адамийн цуьнца йолчу йукъаметтигаххий, тайп-тайпанчу корматаллеххий, къинхьегамаххий, йукъарчу къахьегаран ирсаххий,г1иллакх-оьзданагаллех, йэхь-бехках, ийманах лаьцна дийцаршший, стихотворенешший, статьйашший. Вайн дукхакъаьмнийн Боккха Даймохк.

**Литературоведчески пропедевтика**

Прозехь а, стихотворенин кепехь а долу къамел, уьш вовшех къасто хаар. Хьехархочун г1оьнца текстехь х1ара литературоведчески кхетамаш карон хаа: жанраш (фольклоран кегийра жанраш, халкъан а, литературни а туьйра, туьйра-кица, дийцар, стихотворени, сюжет, тема, д1ах1оттам (антитеза), коьрта ойла (идей), турпалхо (персонаж), куц-кеп (портрет), пейзаж, интерьер, синоним, антоним, эпитет, дустар, метафора, олицетворени, ритм, рифма. Гочдар.

**Библиографически культура**

Йеша билгалйинчу книгаш йукъара книга харжа а, произведенин кортош а, аннотаци а схьалаха а, автор а, иллюстрацеш йехкина художник билгалван а хаар. Текстан чулацамера хиламаш а, иллюстрацеш вовшех буоза хаар.

Йуьхьанцарчу школехь дешначул т1аьхьа дешархочун кхид1а а дешаре болу лаам а кхиъна болу, цуьнан къамелан а, йешаран культурин, литературни кхиаран а т1ег1а оьшучу бараме кхочу, уьш билгалдовлу х1окху хааршца:

-нохчийн меттан къамелан коьрта кепаш карайирзина хилар;

-тайп-тайпана teксташ вовшех къасто хаар (дешаран, 1илманан-кхетаме, исбаьхьаллин). Интеллектульни, синъоьздангаллин декъехь кхиархьама, гонахара дахар довзархьама дешаран, 1илманан-кхетаман, исбаьхьаллин текстийн маь1нех кхеташ хилар.

**Дешархочун кхоллараллин г1уллакхаш**

Къастош йешар. Йаххьашца йешар. Прозехь йолчу текстана инсценировка х1оттор. Ешначу исбахьаллин произведенин буха т1ехь шен текст кхоллар. Барта дешнашца суртдиллар. Изложени. Мини-сочинени. Нохчийн маттера дош, дешнийн цхьаьнакхетар, предложени оьрсийн матте а, оьрсийн маттера нохчийн матте а даккхар. Нохчийн барта кхоллараллера оьрсийн х1етал-металшца, кицанашца, аларшца маь1ница дог1урш лахар. Ша туьйранаш кхоллар (1амийнчаьрца дог1уш) къоман дахарехь дерг а, культурин бакъдерш йукъа а далош.

Нохчийн а, оьрсийн а литературийн тексташ кхоллар, церан йукъара дерг а, башха дерг а билгал а деш.

**«Къамелан кепашца долу г1уллакхаш»** ц1е йолу дакъа къамелан кепаш йовзийтина ца 1аш, х1ума довзаран а, синъоьздангаллин, интеллектуальни, кхоллараллин г1уллакхаш чулоцуш а ду шена. И г1уллакхаш кхочушдо дешаран, 1илманан г1араевллачу, исбаьхьаллин тексташ т1ехь болх бечу хенахь. Йешарца, йоьшург т1еэцарца, исбаьхьаллин тексташ т1ехь болх барца цхьаьна кхочушхуьлу дешархочун синъоьздангалла, кхоллараллa кхиарца доьзна долу г1уллакхаш а. Исбаьхьаллин тексташ йешар бахьанехь карадирзина хаарш дерзадо дешархоша шаьш кхочушдечу кхоллараллин г1уллакхашка: къастош а, йаххьашца а йешар, тардина дийна суьрташ кхоллар, инсценировкаш йар, барта а йозанца йухасхьайийцар шаьш ешна исбаьхьаллин произведенеш, тайп-тайпанчу теманашна барта а, йозанца а аларш кхоллар и д1. кх. а.

**«Берийн йешаран гуо»** декъехь кхочушхуьлу исбаьхьаллин тексташ харжаран принципаш. Царна йукъахь уггаре а мехала ерш йу: еша дог дар, йоьшучух кхеташ хилар, тематика, проблематика. Тексташ шайца к1орггера кхетош-кхиоран маь1на а долуш, тайп-тайпанчу жанрашкахь хила еза. Кхечу къаьмнийн произведенеш йовзийта а мегар ду, нагахь шайца цхьа пайден дерг дохьуш уьш елахь. Кху декъа йукъа дахана оьрсийн туьйранаш, г1арабевллачу оьрсийн йаздархойн Л. Толстойн, Г. Скребицкийн, В. Бианкин, А. Гайдаран произведенеш.

**«Литературоведчески пропедевтика»** декъехь билгалбина исбаьхьаллин тексташ йоьшучу хенахь дешархой шайх хьакхалур болу а, бийцаре беш, шайна т1ехь болх бен болу а литературоведчески кхетамаш. Тексташ т1ехь болх бечу хенахь дешархойн карахь мехала г1ирс хилла д1ах1уьттур бу и литературни кхетамаш.

**«Библиографически культура»** декъо аьтто бо еша билгалйинчу литератури йукъара оьшу книга харжа хууш хилар кхиорехь, оглавлени, аннотаци карорехь, суьрташ дехкина художник, автор билгалварехь, иллюстрацеш текстан хиламашца буозарехь, ткъа иштта 1амаво тайп-тайпанчу справочни материалашца болх бан.

Исбаьхьаллин тексташца болх бар. Хаамбаран хьаст хиларан хьокъехь уьш т1еэцна ца 1аш, дешархочуьнгахь синъоьздангалла а, эстетически чам а кхиорехь и тексташ оьшуш хиларх кхетар. Исбаьхьаллин тексташна анализ йаран билггала, литературни кхиарехь дешархошна т1аьхьа оьшур долу, хаарш карадерзор. Церан жанр, тема, идей, д1ах1оттаман кепаш, исбаьхьаллин суртх1отторан г1ирсаш къасто хаар.

Х1ора къоман литература - культура кхиоран декъехь мехала г1ирс хиларх кхетар; нохчийн а, кхечу къаьмнийн исбаьхьаллин тексташ вовшашца йустарца церан йукъара дерг а, башхадерг къастор. Дешнаш, дешнийн цхьаьнакхетарш, предложенеш оьрсийн матте а, оьрсийн маттара нохчийн матте йаха а хаар.

Оьшшу тоьшаллаш а далош, ша й йешначу дешан искусствон произведенин а, искусствон кхечу говзарийн а мах хадо хаар.

Кхечу къомах волчу нийсархочуьнца диалог д1ахьочу хенахь цо дечу къамелах кхеташ, цуьнан культурин башхаллаш тидаме а оьцуш, г1иллакхе вистхила а, цо дуьйцург восе а ца дуьллуш, т1елаца а хаар.

Берийн-энциклопедически книгашца болх бан хаар.

***Йуьхьанцарчу школашкахь шаьш еша лерина литература.***

Халкъан барта кхолларалла. Барта кхоллараллин кегий жанраш

Халкъан тидамаш, Кицанаш, Х1етал-металш, Чехкааларш, Дагардарш

**Наьрт-аьрстхойх лаьцна дийцарш**

Ц1инц1олаг а, наьрт-аьрстхо а. Ахархочун к1ант а, наьрт-аьрстхой а. Наьрт-аьрстхой а, декъаза стаг а.

**Халкъан туьйранаш**

Чинг1аз. К1ант а, ден шед а. Лулахой. Махана аьлла баркалла. Кхо газагуьзалг. Хьекъалан т1ай Бабин Ч1ирдиг Талллархо.Х1иллане кхорб1елиг БорзШ. Хасаров «Дашон хьоза».1. Эдильсултанов «Догдика», «Хуьстиг».

«Тамашийна беш». Берашна стихаш.

***Нохчийн а, оьрсийн а литературийн тексташ кхоллар, церан йукъара дерг а, башха дерг а билгал а деш.***

**Дикаллин мехалла** — дуьненан цхьа дакъа хиларх кхетар, цигахь адамаш вовшехдозу йагарйина ца валлал

дукхачу з1енашца, царна йукъахь ду матто деш дерг а, ийманехь вахаран т1едахкарш т1е а оьцуш (къинхетаме хила, хьайца наха лело луург цаьрца д1алеладе ахьа).

**Іиллиман мехалла** дерриг адамийн дахаран мехаллин буха т1ехь лаьтта, дуьненан 1аламан цхьа дакъа ша и хиларх кхета веза. 1алам дезар — адам ша деха меттиг иза йуйла хууш, и лардар, цуьнан исбаьхьаллах воккхавер. Исбаьхьаллин а, 1илманан а литературийн говзарийн текстийн г1оьнца 1аламе безам кхоллар**)**.

**Бакъдолучун мехалла** — адамийн культурин дакъа, хиламийн де кхиар, социальни хиламашкахь дерриг а вовшехдозуш хилар .1илманан мехаллийн

буха т1ехь хиларх кхетар; хаарш мехала хилар;бакъдерг т1еч1аг1дар, х1уманан бухе кхиа г1ертар мехалла санна хилар.

**Доьзалан мехалла** — адаман дахарехь доьзал маь1не хиларх, ша схьаваьлла бух мичара бу хаар; доьзалехь барт-ийман ч1аг1дар, гергарлонаш лелор, вовшашна г1одар, воккхачун ларамбар, церан г1иллакхаш лардар.

**Къинхьегаман а, кхоллараллин а мехалла** — адамийн дахарехь къинхьегаман маь1нах кхетар, цхьа- барт, йукъара 1алашо, жоьпалла, возуш цахилар, къинхьегаман мехалла хаар, литературин а, кхоллараллин а къинхьегам ларар.

**Гражданственностан а, патриотизман а мехалла —** йукъараллин, халкъан декъашхо, мехкан а, пачхьалкхан а векал санна ша хетар а; шен меттан долуш- долучун а, хиндолучун а жоьпалла хаар, шен мехкан балахилар: цуьнан истории, меттан, культурин, цуьнан дахаран, цуьнан халкъан ларамбар.

**Адамаллин мехалла** — России хилла ца 1аш, денан ерриге йукъараллин а гражданин ша хетар, и мехалла ехаш а, кхиар а хилийта оьшург бу машар, цунна г1уллакхашдар, толерантность хилар, кхечу культурийн а, меттанийн а ларамбар.

### 3. Предмет 1аморца доьзна долу жам1аш

***Литературни йешар 1амочаьргахь хила деза личностнижам1аш*.**

Х1ара предмет 1амочу хенахь йовзар нисло массо а тайпа бохург санна къоман мехаллаш (патриотизм, доьзалан мехаллаш, 1алам, къинхьегам а, кхоллаpалла а, искусство, литература, дин). Кхузаманан, махкана а, халкъана а пайден хир долчу кепара оьзда, ийман долуш, кхидолу къаьмнаш лоруш, к1ант-йо1 кхиор ду хила дезарг цу предметана бухе диллинарг.

Йуьхьанцара школа чекхйаьkkхинчу дешархойн программа караерзийча хила деза жам1аш:

-дешархой синъоьздангаллин мехаллаш йевзаш, къоман г1иллакх-оьздангаллин баххаш т1ехь кхиъна хилар;

-доьзалан дахар девзаш хилар;

-къоман культура а, бусулба дин а девзаш хилар;

-Росси пачхьалкхан гражданин ша вуйла хууш хилар;

-синъоьздангаллин мехаллаш кхиор дешархойн коьртачу г1уллакхашна т1е дахар: урокийн, урокел арахьарчу а, йукъараллин пайдечу а.

Россин йукъара этнически а, граждански а цхьааллаш кхиор, вуьшта аьлча:

-ша муьлхачу къоман векал ву а, Россин пачхьалкхан гражданин ша хилар а кхетор; йукъара российски а, граждански а, нохчийн г1иллакх-оьздангаллин а мехаллаш шегахь кхиор;

-исбаьхьаллин произведенийн буха т1ехь шегахь адамаллин а, демократически а мехаллаш кхиор;

-шен къоман культурех, бусулба динах, а долу хаарш хилар, кхечу къаьмнех а, церан культурех, динах лаьцнарг а девзаш хилар; кхечу къаьмнийн культуре а, динца доьзначу ламасташка а ларам шегахь хилийтар;

-шен къоман г1иллакхаш а девзаш, кхечу къаьмнашца а г1иллакхашца а, динца а йоьзна йолу йукъаметтигаш ларъйан хаар;

-доьзалан ламасташка тергаме хила везар шегахь кхиор;

- 1алам лардан а, шен а, нехан а могушалла ларъйан йезарх кхеташ хилар;

-таханлерчу дуьненахь вахаран 1алашонца шен амал кхиор; шен нийсархошца а, баккхийчаьрца а девне ца вуьйлуш, машаре ваха болу лаам шегахь кхиор;

-дешархочун социальни декхарш карадерзор; дешаре лаам кхиор; дешар шена оьшуш хиларх кхетар;

-къоман а, кхийолу а литература йешарца синъоьзданагаллин мехаллаш а, эстетически синхаамаш шегахь кхиор.

***Литературни йешар 1амочаьргахь хила деза <u>метапредметни жам1аш</u>:***

-дешаран 1алашонех а, декхарех а кхеташ хилар, кхоллараллин кепара хьесапаш кхочушдар;

-шена хьалха х1оттийнчу декхаре хьаьжжина, дешаран декъехула билгалдан леринарг къасто а, цуьнан мах хадо а, и кхочушдархьама эвсаре некъ харжа а хаар;

-ша баьхначу кхиамийн бахьанех кхеташ хилар шегахь кхиор (ткъа иштта цададаларан бахьанех а, иза лазаме ца долуьйтуш т1еэца хууш а хилар;

-коммуникативни а, х1ума довзаран а декхарш кхочушдаран 1алашонца меттан г1ирсех пайда эцар;

-дечун логически кепаш (дустар, анализ, йукъара маь1на дар) караерзор;

-кхечу къаьмнийн нийсархошца цхьаьна дечу г1уллакхашкахь йукъара 1алашонаш билгалъйар, хьан, х1ун дийрду къастор, цаьрца цхьаьна тергам латтор, ша а, вукхара а дечун цхьанакепара мах хадор; девне ца дерзош, 1оттаме дерш д1адерзор, ларамца т1еэцар кхечу къомах волчун амалехь дерг;

-базови предметийн кхетамаш, кхечу предметашца боьзна кхетамаш а караберзор, шен предметца уьш буозар.

***Литературни йешар 1амочаьргахь хила деза <u>предметаца доьзна долу жам1аш</u>:***

-къоман а, дуьненан а, культурийн хилам а, синъоьздангаллин мехаллаш, ламасташ лардаран а, кхид1а а д1акховдоран г1ирс санна литературех кхетар;

-ша-шен кхиарехь йешаран мах лакхара хиларх кхетар; виллина йоьшуш хила везаш хилар болу лаам шегахь кхиор; дуьненах а, къоман историех а, культурех а болу кхетамаш кхиор; йуьхьанцара г1иллакх-оьздангалла кхиорехь литературо д1алоцу меттиг къасто а, дика а, вуо а х1ун ду хууш хилар;

-х1унда еша еза бохучух кхеташ хилар, цу декъехь тайп-тайпанчу йешарх пайда эцар;

-дешаран а, 1илманан кхетаме, исбаьхьаллин тексташ ладог1арца т1еэца а, кхеташ еша а, цхьанатайпана царах кхета а хууш хилар; стихотворенин кепехь йолу тексташ къастош йешаран йуьхьанцара хаарш карадерзор;

-прозаически исбаьхьаллин произведенеш йухасхьайийца а, церан чулацамах долчу хаттаршна жоьпаш дала а, ешначу дешаран, 1илманан

кхетаме, исбаьхьаллин текстийн бахьанин-т1аьхьалонийн з1енаш къасто а хаар карадерзор;

-меттан бакъонаш а ларъеш, йозанехь а, барта а доцца дийцарш х1итто хаар карадерзор;

-хьайца къамел деш волчуьнга а ладог1а а, цо дуьйцучуьнца реза вацахь а, делил далорца айхьа бохург т1еч1аг1дан а, г1иллакхехь вистхила а, диалог д1айахьа а хаар карадерзор;

-исбаьхьаллин текстийн башхаллийн дуьхе а кхуьуш, дешаран, 1илманан, исбаьхьаллин тексташ вовшех къасто хаар.

## 4. Дешаран тематически планировани

### 1-чу классехь

| № п/п | Меттан декъехула йолу теманаш | Сахьт | Дешархочо кхочушдечу коьртачу г1уллаккхийн мах хадор |
|---|---|---|---|
| 1 | Абатал хьалхара мур. | 16 | Нийсачу рогIаллехь дIахIиттийнчу сюжетан суьрташца болх: гайтинчу хиламийн анализ, сюжет йийцаре йар, суьрташна тIе а тийжаш, барта дийцар хIоттор. |
| 2 | Абатан мур. | 50 | |
| | **Дерриге** | 66 | |

### 1-чу т1аьхьакхиоран классехь

| № п/п | Меттан декъехула йолу теманаш | Сахьт | Дешархочо кхочушдечу коьртачу г1уллаккхийн мах хадор |
|---|---|---|---|
| 1 | Абатан мур. | 50 | Цхьаьна дийцар хIотторан жамIашца дешаран диалог, хIара йа важа дош лелор догIуш йа ца догIуш хиларх кхетор, диалогехь дакъалацар, шен хьежам бовзийтар а, цуьнан бух балор а. Хьехархочо йешначу текстах кхетар. Сюжетан суьртийн серица, шайн ловзарийн материалашца, тидамашца, занятишца, гIоьналлин дешнашца кегий дийцарш хIиттор. |
| 2 | Абатал т1аьхьара мур. | 16 | |
| | **Дерриге** | **66** | |

### 2-чу классехь

| № п/п | Меттан декъехула йолу теманаш | Сахьт | Дешархочо кхочушдечу коьртачу г1уллаккхийн мах хадор |
|---|---|---|---|
| 1 | Долоран дакъа | 1 | ЛадогIар: дешархоша ладугIу хьехархочо йа говзаллин диктора дIайоьшучу исбаьхьаллин |
| 2 | Нохчийн халкъан барта | 12 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | кхолларалла | | тексте (таро йелахь, цу гІуллакхна оьшучу гІирсех пайда а оьцуш). Хьехархочо дешархойн тидам тІебохуьйту нохчийн маттахь йешаран башхаллашна. ЛадоьгІначу текстах муха кхетта хьажа хаттарш.<br>Хезаш йешар: текстах кхетархьама цаторийла йолчу боларца дешархойх хІорамма а хезаш йешар.<br>Дагахь йешар: текст дагахь йешар, йешначух хиинарг дийцаре дан кечамбар. |
| 3 | Сан даймехкан коьрта г1ала | 5 | |
| 4 | Дашо гуьйре | 9 | |
| 5 | Деша журнал «Стела1ад»! | 8 | |
| 6 | Сан доьзаллан йовхо | 13 | |
| 7 | Марша да хьо керла ло! | 12 | |
| 8 | Ваха 1ама | 8 | |
| 9 | Вайн кегий доттаг1ий | 8 | |
| 10 | Б1аьсте йог1у, б1аьсте йог1у | 10 | |
| 11 | Даймохк | 9 | |
| 12 | Аьхке | 3 | |
| 13 | Кхечу къаьмнийн литература | 3 | |
| 14 | Дошам | 1 | |
| | **Дерриге** | **102** | |

## 3-чу классехь

| № п/п | Меттан декъехула йолу теманаш | Сахьт | Дешархочо кхочушдечу коьртачу г1уллаккхийн мах хадор |
|---|---|---|---|
| 1 | Даймехкан косташ. | 2 | ЛадогІар: дешархоша ладугІу хьехархочо йа говзаллин диктора дІайоьшучу исбаьхьаллин тексте (таро йелахь, цу гІуллакхна оьшучу гІирсех пайда а оьцуш). ЛадоьгІначу текстах муха кхетта хьажа хаттарш.<br>Хезаш йешар: текстах кхетархьама цаторийла йолчу боларца дешархойх хІорамма а хезаш йешар.<br>Іаморан текстаца диалог: хІиттийнчу хаттаршна жоьпаш; кхачамбацар дІадаккха шайн хьежам бовзийтар; шайна хетачун а, сацаман а бухедиллар довзийта хаар.<br>Текстехь хІиттийнчу гІиллакх-оьздангаллин а, историко-культурин а, кхидолчу а хаттарийн анализ йар; гонахарчу бакъдолчун хьежамца царна жоьпаш лаха хаар. |
| 2 | Аьхке а, гуьйре а. | 11 | |
| 3 | Вайн  Даймохк. | 3 | |
| 4 | 1алам ларбар-иза Даймохк ларбар ду. | 6 | |
| 5 | Берийн дахар. | 8 | |
| 6 | Даймохк  вай къинхьегамца хестабо. | 5 | |
| 7 | 1а. | 15 | |
| 8 | Б1аьсте йог1у, б1аьсте йог1у. | 15 | |
| 9 | Халкъан барта кхолларалла. | 3 | |
| | **Дерриге** | **68** | |

## 4-чу классехь

| № п/п | Меттан декъехула йолу теманаш | Сахьт | Дешархочо кхочушдечу коьртачу г1уллаккхийн мах хадор |
|---|---|---|---|
| 1 | Хьомечу 1аламан сурт. | 5 | ЛадогIар: дешархоша ладугIу хьехархочо йа говзаллин диктора дIайоьшучу исбаьхьаллин тексте (таро йелахь, цу гIуллакхна оьшучу гIирсех пайда а оьцуш). ЛадоьгIначу текстах муха кхетта хьажа хаттарш.<br>Дагахь йешар: текст дагахь йешар, йешначух хиинарг дийцаре дан кечам бар.<br>Iаморан текстаца диалог: хIиттийнчу хаттаршна жоьпаш; кхачамбацар дIадаккха шайн хьежам бовзийтар; шайна хетачун а, сацаман а бухедиллар довзийта хаар.<br>Текстехь хIиттийнчу гIиллакх-оьздангаллин а, историко-культурин а, кхидолчу а хаттарийн анализ йар; гонахарчу бакъдолчун хьежамца царна жоьпаш лаха хаар. |
| 2 | Вайн Даймехкан д1адаханчунна т1ера. | 6 | |
| 3 | Вайн республика Нохчийн чоь. | 7 | |
| 4 | Вайга туьйранаша кхойкху. | 10 | |
| 5 | Нохчийн къоман бакхкхий йаздархой. | 7 | |
| 6 | Сийлах-доккхачу зеран муьрехь. | 6 | |
| 7 | Болх бе- халкхан дуьхьа ваха. | 10 | |
| | **Дерриге** | **51** | |

| Авторы учебников | |
|---|---|
| 1 класс | Абат. Э.Х. Солтаханов, И.Э. Солтаханов.<br>«Грозненский рабочий» 2023 шо. |
| 1 доп класс | Нохчийн литература. Бадаева А.С., Алинева З.Л., Халикова А.Х.<br>«Грозненский рабочий» 2023 шо |
| 2 класс | Нохчийн литература. Бадаева А.С., Алинева З.Л., Халикова А.Х.<br>«Грозненский рабочий» 2023 шо. |
| 3 класс | Дешаран книжка.Э.Х. Солтаханов, И.Э.Солтаханов.<br>«Грозненский рабочий» 2022 шо |
| 4 класс | Дешаран книжка. Э.Х. Солтаханов, И.Э. Солтаханов.<br>«Грозненский рабочий» 2022 шо. |

-Книга «Дешаран книжка» Солтаханов Э.Х, Солтаханов И.Э 2022 г.
-Белхан тетрадаш «Йоза йаздаран кеп» Солтаханов Э.Х. 2022 г.
-Книга «Дешаран 1амат» С.А. Алиева, Б.С-А. Касумова 2021г.
-Журнал «Стела1ад».
-Ж. Махмаев «Некъан абат».
-С. Эдилов «Байт-абат».

**Кабинетан технически г1ирсаш:**

-Мультимедийни компьютер
-Мультимедиапроектор

-Интерактивни у
-Магнитни у